

Resous ak Enfòmasyon Kontak

302-761-8200, Opsyon #3
Wages@delaware.gov
Faks: DOL_DIA_WH_Fax@delaware.gov
302-736-9161

Eskane kòd QR la pou w ka gen aksè fasil a plis enfòmasyon, detay kontak biwo, fòmilè esansyèl yo, ak opsyon kominikasyon dirèk.



Divizyon Afè Endistriyèl la sipòte efò w yo pou w kreye yon espas travay ki jis e ki an sekirite. Ansanm, nou ka asire ke biznis ou non sèlman satisfè egzijans legal yo, men tou pwospere grasa yon mendèv ki otorize.



DELAWARE DEPARTMENT OF LABOR
DIVISION OF
**INDUSTRIAL
AFFAIRS**

Konprann Vòl Salè: Yon gid pou Anplwaye Delaware yo

Dwa Ou, Pwoteksyon, ak
Fason Pou w Chèche Èd

Konnen Dwa Salè Ou

Pèman Salè yo

- Yo dwe peye w salè w la omwen yon fwa chak mwa.
- Ou ta dwe resevwa tout salè yo nan sèt (7) jou pandan fen chak peryòd pèman.
- Si jou pèman an tonbe nan yon jou ki pa jou travay, yo dwe fè pèman an nan jou travay anvan an.
- Si yon anplwaye pa prezan nan jou pèman regilye a, y ap fè pèman an nan pwochen jou travay regilye anplwaye a prezan oswa pa lapòs (sèlman si anplwaye a mande l).
- Yo ka peye salè nan yon kont anbank ke anplwaye an deziyen (sou demann alekri anplwaye a).
- Salè yo ka peye an lajan kach oswa pa chèk (sepandan patwon an swe fè aranjman apwopriye pou lajan kach nan yon bank oswa nan yon lòt etablisman biznis ki bon nan espas travay la)

Lè w kite yon travay ak dediksyon ilegal

Lè w kite yon travay

Lè w kite oswa lè yo voye w ale, w ap resevwa dènye salè w nan pwochen jou pèman ki pwograme yo swa atravè chanèl pèman abityèl yo oswa pa lapòs (si anplwaye a mande l) kòm si travay la pa t sispann.

Dediksyon Ilegal

Kisa Anplwayè yo pa ka fè:

- Dedwi salè pou mank lajan kach oswa envantè.
- Fè w peye pou machandiz oswa sèvis san yon plan ranbousman klè ak san konsantman w.
- Dedwi pou pwopriyete ki domaje oswa ki pa retounen san konsantman ou.

Deklarasyon Pèman ak Obligasyon Anplwayè yo

Deklarasyon Pèman Ou Dwe Gen:

Salè ke yo te dwe a, peryòd pèman ki kouvri, dediksyon detaye, ak kantite total èdtan travay (pou anplwaye ki peye nan yon pousantaj èdtan).

Pou Anplwayè 4 oswa Plis

Sa yo dwe di ou:

- Pandan anbochaj la: to pèman ou, kilè ak ki kote y ap peye w, ak detay sou benefis yo.
- Fè anplwaye yo konnen alekri nenpòt rediksyon nan to pèman an, ak nenpòt chanjman nan jounen an, lè oswa kote pèman, oswa benefis yo

Konsèvasyon dosye ak kanpe kont vòl salè

Kondisyon pou kenbe dosye yo

Anplwayè yo dwe kenbe dosye ki gen ladan; to pèman, èdtan travay, ak kantite lajan yo peye pou chak travayè, pou twa (3) ane.

Kanpe Kont Vòl Salè

Kisa Vòl Salè ye?

- Pa peye pou tout èdtan ou te travay yo.
- Peye mwens pase salè minimòm lan.
- Dediksyon ilegal nan salè ou.
- Move klasifikasyon anplwaye yo pou eskive obligasyon yo.

Pwoteksyon legal:

Vòl salè se yon vyolasyon grav. Lalwa Delaware asire penalite sevè pou delenkan yo, tankou krim potansyèl yo akizasyon pou vyolasyon repete.

Kijan pou w rapòte epi jwenn èd

Ou fè eksperyans vòl salè?

Biwo Salè & Orè nan Delaware la pou sipòte ou. Depoze yon plent si dwa w yo vyole. Envestigasyon yo byeen fèt, yon fason pou asire pwoteksyon ou ak yon konpansasyon jis.

Kontakte Biwo Salè & Orè

Imèl, telefòn, oswa vizite nou an pèsòn. Nou pran angajman pou n asire ke espas travay ou jis ak salè ou jis.

Rete Enfòm. Konnen Responsabilite w

Konesans se pouvwa. Konprann dwa w se premye etap nan pwoteje tèt ou kont vòl salè ak asire tretman jis nan travay la.

Kontakte n jodi a

Pou plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Delaware Office of Wage & Hour.



**WAGE & HOUR
ENFORCEMENT**